



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 20 MILYON TÈS COVID-19 PRAL
DEPLWAYE ATRAVÈ ETA A PANDAN PRENTAN AN POU RANFÒSE EFÒ
PREPARASYON AKTYÈL YO**

*Tès yo pral distribye nan mezon retrèt, enstalasyon swen pou adilt, lekòl,
rezidans NYCHA, sant pou granmoun aje, bank alimentè ak responsab eli yo pou
kominote lokal yo*

*Plis pase 54 milyon tès te deja distribye atravè Eta a nan dènye mwa yo, yo achte
plis pase 90 milyon jiskaprezan*

Eta a pral etabli yon estòk prevansyon ki gen omwen 20 milyon tès

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse gen plis pase 20 milyon tès COVID-19 san preskripsyon ki pral distribye atravè Eta a jiska prentan an pou ranfòse efò preparasyon aktyèl Eta New York yo.

"Jan nou te wè sa pandan pandemi an, twous tès yo se yon zouti enpòtan nan batay pou sispann pwopagasyon COVID-19 la ak anpeche ekspozisyon yo ak lòt moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nimewo nou yo rete ba, kounye a se moman pou nou ogmante distribisyon tès yo ak konstwi estòk nou pou nou kapab ranfòse preparasyon nou pou lavni pou pwoteje kominote nou yo epi avanse an sekirite atravè pandemi sa".

Eta a pral kontinye bay twous tès san preskripsyon pou mezon retrèt, enstalasyon swen pou adilt ak lekòl yo epi pral fè patenarya avèk responsab eli yo pou distribisyon kontinyèl bay piblik la, pandan mwa k ap vini yo pou idantifye nouvo ka COVID-19 ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite.

Sa gen ladan yon milyon tès pou lekòl yo andeyò Vil New York chak lòt semèn jiskaske ane lekòl la fini. Vil New York pa resevwa ankò distribisyon Eta a yo akòz yo gen ase twous tès pou pèmèt yo fè ane a. Tès adomisil yo te pwouve yo se yon zouti presye pou idantifye ka yo ak pwoteje kominote nou yo; yo te responsab poukont yo pou dekouvri omwen 15,000 ka pozitif pami elèv ak anplwaye yo semèn apre vakans ivè a.

Anplis de distribisyon kontinyèl sa yo, Eta a ap ogmante pwen distribisyon yo pou twous tès yo. Eta a pral fè patenarya avèk Majistra, Egzekitif Konte, Manm Kongrè, Prezidan Minisipalite ak Lejislatè Eta atravè New York pou ogmante aksè nan tès yo pou piblik jeneral la. Epi, Eta a pral kowòdone distribisyon 1.74 milyon tès bay lokatè Otorite Lojman Vil New York yo, ki ase pou chak fanmi resevwa kat tès. 500,000 tès siplemantè pral disponib pou plizyè bank alimantè ak sant pou granmoun aje atravè Eta a, sou baz demann lan.

Anvan vag Omikwon an nan fen 2021, Gouvènè Hochul ak ekip li a te idantifye nesosite pou sekirize twous tès san preskripsyon pou konbat vag Omikwon an, bay distribisyon regilye pou piblik jeneral la, priyore lekòl ak enstalasyon swen pou adilt yo atravè eta a.

Plis pase 54 milyon tès te deja distribiye atravè New York depi kòmansman ane a, sa gen ladan apeprè 30 milyon tès bay lekòl yo, 12.5 milyon tès pou mezon retrèt yo ak enstalasyon swen pou adilt yo ak plis pase 10 milyon tès bay responsab lokal yo pou distribisyon piblik nan kominote respektif yo. Efò distribisyon yo swiv acha plis pase 90 milyon tès rapid nan mwa pase yo.

Nan plis pase 90 milyon tès yo achte, apeprè 20 milyon tès te sere pou ede prepare pou nenpòt vag ki ta parèt nan fen ane sa a.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Nan ivè sa, Gouvènè Hochul te bay Nouyòkè yo twous tès yo pou konbat vag Omikwon an. Twous sa yo te ede kenbe nou tout an sekirite nan idantifye ka yo bonè pou Nouyòkè yo te ka pran mezi pou sispann pwopagasyon an. Ekip nou an nan DHSES pral kontinye distribiye plizyè milyon twous tès siplemantè bay Nouyòkè yo nan prentan sa pou ede nou idantifye enfeksyon alavni yo ak anpeche transmisyon bonè epi pral kenbe estòk zouti esansyèl sa a pou Eta a nan ka yon vag alavni".

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Tès la te yon zouti enpòtan pou bese pwopagasyon COVID-19 la epi Eta a kontinye travay enpòtan pou pote twous tès bay Nouyòkè yo. Distribisyon tès rapid yo te yon karakteristik plan Gouvènè Hochul pou vag ivè a epi tès kontinye ede salklas, espas travay ak kominote nou yo ki gen plis risk yo pou yo ka rete an sante ak an sekirite. Si Nouyòkè yo te gen ekspozisyon ak COVID-19, santi sentòm oswa te vwayaje dènyeman, yo ta dwe pwofite tès adomisil gratis sa yo ke y ap distribiye nan tout eta a gras ak travay di patnè nou yo nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta New York".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Twous tès yo se zouti esansyèl nan batay nou kont COVID-19, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li bay resous vital pou ede pwoteje kominote nou yo. Pandan n ap kokntinye pran mezi pou reprann lavi nan kad yon nouvo nòm al ak pèmèt New York avanse, mwen

ankouraje moun yo itilize resous disponib sa yo, sa gen ladan pran vaksen ak dòz rapèl".

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Nan voye tès bay kèk nan popilasyon ki pi gen risk nou yo, Gouvènè Hochul ap ede asire Nouyòkè ki pi vilnerab yo kontinye gen aksè nan zouti yo pou rete an sante. Tès siplemantè sa yo pral konplete plizyèn santèn milye twous tès vil la te distribiye, k ap kenbe Vil New York an sekirite ak ede nou re-ouvri nèt Fè patenarya ak tout nivo gouvènman yo se yon pati enpòtan nan preparasyon nou pou pandemi epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou patenarya kontinyèl li".

Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo, te deklare, "Elaji aksè nan twous tès san preskripsyon se yon pati esansyèl nan estrateji nou pou retounen nan nòmal pandan epòk COVID-19 la. Pandan pran vaksen toujou se pi bon fason pou pwoteje nou kont COVID-19 la, fè tès se yon lòt zouti enpòtan pou anpeche pwopagasyon enfeksyon an pou nou ka retounen nan travay, lekòl ak nan aktivite sosyal yo san danje. Nou felisite Gouvènè Hochul dèske li kontinye gide Eta New York pandan nouvo faz pandemi sa a epi bay rezidan nou yo zouti yo bezwen pou kenbe tèt yo ak kominote yo an sekirite".

Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare, "NYCOM apresye anpil Gouvènè Hochul k ap mennen patenarya pwoaktif sa avèk lidè gouvènman lokal yo nan New York. Mezi sante piblik yo, tankou ekspansyon sa pou deplwaman twous tès, fonksyone pi byen lè yo fèt nan yon fason kowòdone avèk minispalite yo, piske yo se gouvènman ki pi pre popilasyon an. Majistra yo pral kontinye travay men nan men avèk Gouvènè a nan tout fason ki pral pwoteje sante Nouyòkè yo".

Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare, "Malgre gwo pwogrè New York pou bese pousantaj ka COVID-19 ak ranfòse vaksinasyon yo, nou toujou nan mitan yon pandemi mondyal epi dwe kontinye pran prekosyon pou asire kominote nou yo rete an sante. Pami resous yo nou dwe kontinye investi nan tès, ki pèmèt Nouyòkè yo rete pwoteje nan idantifye ka pozitif yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li dèske li konsantre sou distribisyon twous tès yo nan New York".

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "De ane nan pandemi sa, nou konnen kijan tès enpòtan pou anpeche pwopagasyon ak pwoteje tèt nou, zanmi nou ak fanmi ak pwòch nou yo. Pandan ka yo isit la nan New York ba, twous tès sa yo pral ede asire kominote nou yo - ak popilasyon ki pi vilnerab nou yo - prepare pou lavni".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare, "Mete plis kantite twous tès adomisil disponib nan devlopman NYCHA yo pral vle di ke fanmi k ap travay anpil yo ak granmoun aje yo pral kontinye gen aksè fasil ak tès sa yo epi pral kenbe tèt yo ak kominote yo an sekirite san pèdi tan oswa san fè efò. Mwen felisite Gouv. Hochul dèske li priyorize distribisyon twous tès sa yo kòm yon pati esansyèl rekiperasyon Eta nou anba COVID".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418